



Pou Piblikasyon Imedya: 08/09/2017

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE OUVÈTI TIMBERFISH TECHNOLOGIES NAN REJYON LWÈS NEW YORK

Nouvo Espas Elvaj Lapèch Ki Ap Itilize Dlo Ki Soti nan Brasri ak Distiyri Lokal yo pou Pwodiksyon Fwi Lanmè

Konpayi an Pral Kreye 200 a 300 Pòs Travay Fiti nan Rejyon Lwès New York

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a ouvèti TimberFish Technologies, yon etablisman espesyal wo teknoloji pou pwodiksyon pwason nan Rejyon Lwès New York. TimberFish pral envesti 555,000 dola epi itilize sibvansyon 100,000 dola Empire State Development lan pou kapab konstwi yon sistèm pwodiksyon tretman nan etablisman Five & 20 Spirits & Brewing lan, ki sitiye nan 8398 West Main Street ki nan Westfield. Yo pral ponpe dlo ize ki soti nan distiyri a atravè tiyo yo ale nan yon tank ki pral netwaye dlo a pou yo itilize nan tank elvaj yo. Inite a pral kapab pwodwi anviwon 20,000 liv bon jan kalite pwason pa ane, tankou Twit Mouchte, Salmonid Atik ak Somon Atlantik, ke yo pral vann sou mache lokal la.

“TimberFish Technologies se ankò yon lòt egzanp de pakèt konpayi inovatif ak revolisyonè yo ki te chwazi devlope epi elaji biznis yo nan Rejyon Lwès New York”, **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Desizyon konpayi an pou plante rasin yo nan rejyon sa pral favorize ekonomi lokal lan pandan ke l’ap kreye travay, ajoute plis dinamis sou revitalizasyon Rejyon Lwès New York.”

TimberFish, ki se yon pwojè priyorite Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal (Regional Economic Development Council, REDC) Rejyon Lwès New York, pral elve pwason apati itilizasyon tout nitriyan pwodwi ki soti nan pwodiksyon distiyri ak brasri nan espas ki konbine ak fragman bwa ke yo pwodwi onivo lokal yo. Sa pral ede kreye pwodwi lanmè ki rich an nitriyan, estòk alimantasyon byo-enèji ak dlo pwòp.

An plis de lavant fwi lanmè yo, demonstrasyon nan Westfield lan pral sèvi pou devlope done enjenyeri, operasyonèl ak done mache pou divès operasyon komèsyal yo. Teknoloji TimberFish lan ka bay ankourajman ekonomik pou netwayaj dlo ize yo atravè peyi Etazini ak nan mond lan. Konpayi an planifye sitiye etablisman li yo nan kominote riral ki deprime sou plan ekonomik pou kapab ede pwomouvwa kwasans ekonomik apati kreyasyon travay.

“Pwojè TimberFish lan relye ansanm anpil nan objektif kreyasyon travay ak anviwònmantal nou yo, epi li se yon senbòl ekonomi ki baze sou inovasyon an ki ap emèje nan Rejyon Lwès New York”, **se sa Gouvènè Adjwen an Kathy Hochul te deklare, li ki te patisipe nan ouvèti jodi a.** “Pwosesis sa pral abouti a fwi lanmè ki bon pou sante ke yo pwodwi pou mache lokal yo, epi li pral redwi volim polyan ki te ka afekte kalite dlo yo nan kominote nou yo. Se yon nouvèl apwòch enteresan ke nou fyè pou nou sipòte atravè Empire State Development.”

Fondatè TimberFish Technologies Jere Northrop te di, “Popilasyon anviwònmantal ak popilasyon ki ap ogmante yo menase sekirite ak apwovizyonman manje fiti nou. TimberFish rezoud pwoblèm sa apati pwodiksyon fwi lanmè yon fason ki ekolojik epi dirab nan tèren ki pa agrikòl yo nan yon fason ki konpetitif sou plan ekonomik sou pas mache aktyèl lan.”

TimberFish te enkòpore kòm yon LLC nan Eta New York an 2008. Fondatè li Jere Northrop, ki gen yon Doktora, te pase plis pase 40 ane nan travay devlopman nan agrikilti dirab sou plan ekolojik. Northrop gen yon pakèt eksperyans nan sektè anviwònmantal la pliske li te travay ak sistèm agrikòl, pwosesis manje endistriyèl, ak tretman dlo ize minisipal yo ak gwo sistèm jesyon nitriyan ak angrè yo.

Prezidan, Direktè Egzekitif Jeneral ak Komisyonè Empire State Development, Howard Zemsky, te deklare, “Pwosesis inovatif ak inik TimberFish Technologies lan pou pwodiksyon pwason an li ap ede kreye yon nouvèl endistri ekolojik, pandan l’ap jenere nouvo pòs travay ak aktivite ekonomik nan Rejyon Lwès New York. Nou fyè pou nou sipòte yon pwojè ki se yon pwojè gayan-gayan pou anviwònman an ak ekonomi nou an.”

Senatè Catharine Young te deklare, “Eta nou an gen yon istwa rich kote nou sou devan sèn teknoloji endistri agrikòl yo. Gran ouvèti jodi a nouvo etablisman pwodiksyon pwason dirab sou plan anviwònmantal ak inovatif TimberFish Technologies lan sa se yon lòt egzanp enteresan lidèchip sa ak yon viktwa devlopman ekonomik pou Konte Chautauqua. Mwen aplodi tout moun ki gen vizyon, detèminasyon ak sipò ki te rann jodi a posib, epi mwen espere wè enpak pozitif alontèm ke etablisman sa pral genyen sou ekonomi rejyon an ak kalite lavi a.”

Manm Asanble Andy Goodell te deklare, “Mwen admire syantifik yo ki nan TimberFish ki te elabore yon sistèm dirab pou elve pwason apati itilizasyon dlo ize ki soti nan brasri yo. Mwen espere manje pwason ki elve nan Konte Chautauqua lè yo rive sou mache a.”

Chèf Egzekitif Konte Chautauqua, Vincent Horrigan, te deklare, “Mwen ta renmen felisite Jim Timlin ak Jere Northrop pou nouvèl antrepriz enteresan sa nan Konte Chautauqua. Remèsiman espesyal a Gouvènè Adjwen Kathy Hochul poutèt li pran tan pou retounen vizite konte nou an pou selebre yon lòt pwojè devlopman ekonomik enteresan. Nou isit la jodi a pou 1ye aktivite estokaj pwason komèsyal piblik 3 espès pwason ki te rann posib, an pati, gras a angajman finansman sibvansyon CFA Empire State Development lan ak yon sibvansyon Direct Energy.”

Majistra Michael VandeVelde te deklare, “TimberFish se yon biznis wo teknoloji inik ke nou kontan anpil pou nou akeyi nan Westfield. Nou espere wè konpayi an devlope epi elaji atravè eta a epi posibleman menm sou plan entènasyonal nan fiti.”

Sipèvizè Vil Martha Bills te di, “Nou kontan dèske pitit natif briyan Westfield lan, Jere Northrop, te chwazi konstwi TimberFish nan vil natal li. Westfield fyè pou li jwe yon wòl nan devlope biznis wo teknoloji inik sa ki gen potansyèl pou bay plizyè santèn nouvo pòs travay pou abitan yo nan fiti.”

Ko-Prezidan Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyon Rejyon Lwès New York lan epi Prezidan State University of New York nan Fredonia, Dr. Virginia Horvath, te deklare, “Syantifik ki ap travay pou elve fwi lanmè yo nan dlo ize brasri ak distiyri yo te pran eksperyans briyan yo a epi transfòme li an yon biznis ki pral pote nouvo pòs travay nan rejyon an.”

Ko-Prezidan Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyon Rejyon Lwès New York lan e Prezidan SolEpoxy Inc., Jeff Belt, te deklare, “Pwojè TimberFish lan te atire atansyon ak sipò REDC paske li inovatif, responsab sou plan anviwònmanal epi li gen potansyèl pou kreye plizyè santèn pòs travay pandan ke biznis lan ap elaji. Pwason fri melanje ak byè yo popilè men pwason ki elve nan brasri pa pwodwi yo kapab yon nouvel resèt pou reyisit ekonomik nan Westfield”.

Enfòmasyon sou TimberFish

Aprè plizyè dekad rechèch ak devlopman nan domèn sistèm teknoloji byomas mikwobyal ak tretman dlo ize yo, TimberFish, LLC te fòme an 2008 nan objektif pou pratikman aplike teknoloji sa yo pou kapab totalman entegre pwodiksyon manje ak enèji. Ekip TimberFish lan, ki te dirije pa byofizisyen Jere Northrop ki gen yon Doktora, envantè byoteknoloji ak antreprenè an seri ki gen anpil eksperyans nan sistèm agrikilti zannimo, tretman dlo ize, ak sistèm jesyon nitriyan yo, li kounye a pozisyone kòm yon devlope teknoloji konsiderab epi posesè pwopriyete entelektyèl.

###

W'ap jwenn lòt nouvel ki disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Ekzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418